

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kuantitatif kalawan métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nyaéta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol (Nazir. 2014, kc. 73). Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 123) métode kuasi ékspérimén dibagi jadi tilu rupa, nyaéta: 1) *one shot case study*; 2) *pre-test and post-test*; 3) *static group comparison*.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-tets* jeung *post-test*. Ieu panalungtikan dilakukeun kucara mere *pre-test* anu tuluy dibéré *treatment* sangkan ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis sisindiran kalayan ngagunakeun model *Group Investigation*, anu satuluyna dilakukeun *post-test*. Desainna saperti di handap ieu.

<b>O1</b>	<b>X</b>	<b>O2</b>
-----------	----------	-----------

(Dicutat tina Arikunto, 2010 kc. 124)

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan *pre-test* jeung *post-test*

Katerangan:

O<sup>1</sup> = *pre-test* (kamampuh nulis sisindiran saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation*)

X = *treatment* pangajaran ngagunakeun modél *Group Investigation*

O<sup>2</sup> = *post-test* (kamampuh nulis sisindiran ngagunakeun modél *Group Investigation*)

### 3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan


Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMK Negeri 4 Bandung anu lokasina di Jl. Kliningan no. 06, Turangga, kec.Lengkong, kota. Bandung Jawa Barat 40264. Ieu sakola ngabogaan 42 kelas.

### 3.3 Data jeung Sumber Data

Data dina panalungtikan nya eta teks sisindiran, ari anu jadi sumber datana nyaéta siswa kelas XI RPL 1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021 anu jumlahna 36 siswa, 32 lalaki jeung 4 awéwé.

### 3.4 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan *kuantitatif* anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nyaéta désain *pretest and posttest group design*. Prosedur panalungtikan bakal ditétélakeun dina bagan saperti ieu di handap.



Bagan 3.2 Prosedur Panalungtikan

Tina bagan prosedur panalungtikan di luhur, bisa dijéntrékeun saperti ieu di handap.

#### 1) Masalah anu karandapan dina Pangajaran Nulis

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung guru Basa Sunda SMK Negeri 4 Bandung ngeunaan masalah atawa pasualan

anu aya di kelas nalika nepikeun matéri ajar sisindiran hususna di kelas XI RPL 1 luyu jeung kulirukum anu digunakeun nyaéta kurikulum 2013.

- 2) Rumusan Masalah; Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nulis sisindiran di kelas SMK Negeri 4 Bandung.
- 3) Raraga Tiori
- 4) Ngarumuskeun Hipotésis
- 5) Nyusun Instrumen
- 6) Ngumpulkeun Data (*pre-test, treatment, post-test*)

Sabada kapanggih masalah anu aya di SMK Negeri 4 Bandung kelas XI-RPL 1 Taun Ajar 2020/2021, tuluy panalungtikan ka kelas. Fungsina pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nyaéta *pre-test* jeung *post-test* dilakukeun saméméh *treatment*, tujuanna pikeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation*, sedengkeun *post-test* dilaksanakeun sabada *treatment* anu tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ngagunakeun modél *Group Investigation*.

- 7) Analisis Data

Data anu geus aya nyaéta data *pre-test* jeung *post-test*. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statis ngaliwatan aplikasi *SPSS PASW versi 18*.

- 8) Nyusun Laporan Panalungtikan

Sabada tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jenung nganalisis data, panalungtik nyusun laporan panalungtikan.

### 3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés anu dimimitian ku *pre-test* jeung *post-test*. *Pre-test* mangrupa tés nu dilaksanakeun pikeun ngukur kamapuh nulis sisindiran saméméh ngagunakeun modél *Group*

*Investigation*, sedengkeun *post-test* kamampuh nulis sisindiran sabada ngagunakeun modél *Group Investigation* dina kagiatan diajar-ngajar.

Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ngumpulkeun data nyaéta ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré téh awal (*pre-test*) pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh ngagunakeun modél *Group Investigation*.
- 2) Sabada mikanyaho hasil *pre-test*, panalungtik nataharkeun naon waé anu dibutuhkeun nalika prosés pangajaran nulis sisindiran kalayan ngagunakeun modél *Group Investigation*.
- 3) Nepikeun matéri nulis sisindiran kalawan ngagunakeun modél *Group Investigation* dina lumangsungna prosés pangajaran. Ieu kagiatan disebut *treatment* (perlakuan)
- 4) Sabada ngalaksanakeun *treatment*, siswa dibéré téh ahir (*post-test*) pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis sisindiran sabada ngagunakeun modél *Group Investigation*.

### **3.6 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyéta lembar tes. Dina prak-prakana panalungtikan baris dilaksanakeun téh awal (*pre-test*) anu pungsina pikeun mikanyaho kamampuh pangaweruh siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* jeung sabadan diajar ngagunakeun modél *Group Investigation*. Ieu dihandap mangrupa soal unjuk kerja anu dibérékeun ka siswa.

Soal Nulis Sisindiran

Wasta :

No. Absen :

Kelas :

Pék ku hidep jieun sisindiran (wangun paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan) masing-masing hiji anu eusina pilih antara silihasih, piwuruk, jeung sésébréd!

1) Paparikan

.....  
.....  
.....  
.....

2) Rarakitan

.....  
.....  
.....  
.....

3) Wawangsalan

.....  
.....  
Wangsalna: .....

### 3.7 Analisis Data

Kegiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara nu dipaké pikeun nyangking jawaban tina pasualan anu ditalungtik. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil tina *pretest* jeung *posttest*.

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh *pretest* jeung data hasil kamampuh *posttest*

- a) Mariksa hasil karangan siswa tina *pretest* jeung *post-test* dumasar kana lima aspék dina rubrik Tabel 3.1 di handap.

Tabel 3.1

## Skala Skor Aspék anu Dipenteun dina Tés Nulis Sisindiran

No.	Aspék	Skor	Kritéria
1	Organisasi Eusi	5	Hadé pisan: hartina sampurna (urutana logis jeung lengkep, maham kana papasingan sisindiran)
		4	Hadé: hartina urutan logis tapi kurang lengkep, maham kana papasingan sisindiran
		3	Cukup: hartina urutan kurang logis tapi lengkep, kurang maham kana papasingan sisindiran
		2	Kurang: hartina urutan teu logis tapi lengkep, teu maham kana papasingan sisindiran.
		1	Kurang pisan: hartina urutan teu logis jeung teu lengkep, teu maham kana papasingan sisindiran, teu pantés diajén
2	Diksi (pilihan Kecap)	5	Hadé pisan: hartina sampurna (milih kecap jeung
		4	Hadé: hartina milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna merenah, tapi kurang ngawasa pangwangun kecap.
		3	Cukup: hartina kecap kawatesanan, milih kecap jeung ngébréhkeun kecapna cukup merenah.
		2	Kurang: hartina kecap kawatesanan, milih kekecapan jeung maké kosa kecapna aya anu salah nepi ka ngarobah ma'na.
		1	Kurang pisan: harti dina milih kekecapan asal-asalan, kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap, teu pantés diajén.
3	Purwakanti	5	Hadé pisan: hartina sampurna (sora kecap unggal padalisan sasora/murwakanti saluyu jeung ugeran dina sisindiran).
		4	Hadé: hartina kadang-kadang sora kecap unggal padalisan aya nu teu sasora/murwakanti, tapi saluyu jeung ugeran dina sisindiran.
		3	Cukup: hartina sora kecap unggal padalisan kurang atawa leuwih sasora, tapi saluyu jeung ugeran dina sisindiran.

No.	Aspék	Skor	Kritéria
		2	Kurang: hartina sora kecap unggal padalisan loba anu teu sasora, teu saluyu jeung ugeran dina sisindiran.
		1	Kurang pisan: hartina sora kecap unggal padalisan teu sasora, teu saluyu jeung ugeran dina sisindira, teu pantas diajén.
4	Guru Wilangan	5	Hadé pisan: hartina sampurna lengkep eweuh kasalahan dina ngitung guru wilangan.
		4	Hadé: hartina aya saeutik kasalahan dina ngitung guru wilangan
		3	Cukup: aya sababaraha dina ngitung guru wilangan.
		2	Kurang: hartina kurang maham, loba kasalahan dina ngitung guru wilangan
		1	Kurang pisan: hartina teu lengkep, loba pisan kasalahan dina ngitung guru wilangan.
5	Éjahan	5	Hadé pisan: hartina sampurna maham pisan kana aturan panulisan, benr, eweuh kasalahan dina éjaana
		4	Hadé: hartina geus maham, kadang salah éjahan tapi teu ngarobah ma'na.
		3	Cukup: hartina cukup maham, hadang salah éjahan tapi teu ngarobah ma'na
		2	Kurang: hartina kurang maham, loba kasalahan dina éjahan sarta ngarobah ma'na
		1	Kurang pisan: hartina teu maham, loba pisab kasalahan sarta ngarobah ma'na
6	Karapihan Tulisan	5	Hadé pisan: hartina sampurna, rapih, bisa ngaruntuykeun tulisan, jelas ngagunakeun huruf dina tulisan
		4	Hadé: hartina geus maham, bisa ngaruntuykeun tulisan, tapi aya kasalahan dina ngagunakeun huruf tulisan
		3	Cukup: hartina cukup maham, cukup bisa ngaruntuykeun tulisan, aya sababaraha kasalahan ngagunakeun huruf tulisan.

No.	Aspék	Skor	Kritéria
		2	Kurang: hartina kurang maham, kurang bisa ngaruntuykeun tulisan, loba kasalahan ngagunakeun huruf dina tulisan.
		1	Kurang pisan: hartina teu maham, teu bisa ngaruntuykeun tulisan sarta teu jelas dina ngangunakeun huruf.

(Dicutat ti Kuswari, 2010, kc. 159)

- b) Méré pentun jeung nganalisis hasil *pre test* jeung *post-test* nulis sisindiran, kalawan ngagunakeun rumus:

$$\text{Penteun} = \frac{\Sigma \text{ skor nu kahontal}}{\Sigma \text{ skor maksimal}} \times 100$$

- c) Ngasupkeun pentun kana tabel ieu di handap.

Tabel 3.2 Tabél Format Peunteun *pre-test* jeung *post-test* Nulis Sisindiran

No Absen Siswa	Aspék anu Dipenteun						P	Kategori
	A	B	C	D	E	F		

Keterangan:

- A = organisasi Eusi
- B = Diksi (Pilihan Kecap)
- C = Purwakanti
- D = Guru Wilangan
- E = Éjahan
- F = Karapihan Tulisan
- P = Penteun

Kategori = Penteun  $\leq$  72 siswa dianggap mampu nulis sisindiran  
Penteun  $<$  72 siswa dianggap can mampu nulis



### 3.7.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan baris dianalisis ku cara maké *software SPSS PASW versi 18. Statistical Product and Service Solutions* (SPSS) nyaéta hiji program anu dipaké pikeun mantuan prosés ngolah, ngitung jeung nganalisis data sacara statistik. Data *input* anu dianalisis nyaéta hasil *pre-test* jeung *post-test*, jeung *indeks gain* anu salajengna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

#### 3.7.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas digunakeun pikeun nangtukeun distribusi normal tawa henteuna data (Sudijono, 2011). Kitu deui nurutkeun Sujarweni (2014, kc. 55) uji normalitas moboga tujuan pikeun mikanyaho distribusi data dina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Data anu alus jeung layak digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu miboga distribusi normal.

Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sifat normal atawa teu normal, bisa digunakeun uji *Kolmogrov-Smirnov* atawa uji sampel *shapiro Wilk*. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

$H^0$  : distribusi data normal

$H^1$  : distribusi data teu normal

Uji normalitas dilakukeun ku cara uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikan 5% ( $\alpha = 0,05$ ). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

$H^0$  diterima, lamun nilai sig. (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H^1$  ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi)  $< 0,05$

#### 3.7.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas nyaéta uji ngeunaan sarua atawa henteuna variasi-variasi dua distribusi atawa leuwih, (Sudijono, 2011). Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogeny atawa henteuna variasi dina sumber data. Anapon hipotésis pikeun uji homogénitas saperti ieu di handap.

$H^0$  : varians sampel homogén

Mega Nurahmah Diny, 2021

MODÉL GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SISINDIRAN  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$H^1$  : varians teu homogén

Uji homogénitas dilakukeun ku uji *Levene* ku taraf signifikansi 5% ( $\alpha=0,05$ ), kriteria ngujina saperti ieu di handap.

$H^0$  ditarima, lamun nilai sig. (signifikansi)  $\geq 0,05$

$H^1$  ditolak, lamun nilai sig. (signifikansi)  $< 0,05$

### 3.7.1.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun ditarima henteuna hipotésis. Nurutkeun Mustaqim (2017, kc. 38) nangtukeun uji hipotésis téh aya dua cara. Saupamana data hasil uji normalitas nunjukeun hasil yén éta data téh moboga distribusi data anu normal, ku kituna éta data téh dina nguji hipotésis ngagunakeun statistik parametris kalawan ngagunakeun t-test, sedengkeun saupama data téh teu miboga distribusi anu teu normal, ku kituna pikeun nguji hipotésis ngagunakeun statistik non-parametris kalawan ngagunakeun *Wilcoxon match pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kriteria ieu dimhandap.

$H^0$  (Hipotésis nol) : Teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus digunakeun modél *Group Investigation* dina pangajaran nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021

$H^1$  (Hipotesis alternatif) : Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus digunakeun modél *Group Investigation* dina pangajaran nulis sisindiran.